Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул 10 февраль РУЗМАН

№6 (7441)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**ХIисаб къей**

## ХIалхьи лъаларев бегавул



ГIадаталде свервараб росабалъе сапар бухьи гьаб нухалъ ккана Хуштада. Мурад букIана росдал администрациялъул бетIерасул хIалтIул хIисаб кьеялъухъ, жамагIаталъул ва росдал школалъул коллективалъул рагIухъ гIенекки.

Районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовгун цадахъ данделъиялда гIахьаллъана райадминистрациялъул жавабиял хIалтIухъаби.

Данделъи рагьарав росдал бетIер Асадулагь ИсмагIиловас, бицана араб соналъ росдал администрациялъ гьабураб хIалтIул.



-Росдал администрациялъе бихьизабураб кIигогун бащадаб миллион гъурущ «махI сунтIизеги» гIоларин абизе бегьула нилъер росдае,-абун байбихьана гьес. -БичIчIулеб буго улкаялда финансазулаб кризис букIин. Бугониги, нилъеца гьабураб хIалтIи дагьаб гьечIо. ГIаммаб къагIидаялъ босани, росулъгун авалазда ва Талилъ хъутада гьарурал хIалтIаби нусго миллионалде рахула. Гьеб буго росдал гIадамаз ва росу бахун къватIирехун ругел росуцояз кьураб гIарац.

Рехсезин цо-цо гьарурал хIалтIаби. Аслияблъун букIараб лъел суал росулъ ва хъутада тIубана. КъачIана росулъе ва авалазде унел нухал, бачана газ жакъа къоялде кIинусиялда лъабкъого чиясул рокъоб буго газ. Росулъ бана цIияб медпунктгун жанир киналго шартIал ругеб спортзал. Къасиги къадги камуларо спортзалалда торгIо ва теннис хIалел, гугарулел, ай, ругьунлъабазде хьвадулел гIолохъаби.

Хъутадаги бачана газ, лъуна кIудияб кIиго цистерна, гьелъ рес кьуна щибаб рокъобе лъим бачине, гьабуна спортивияб площадка, къачIана нух, байбихьул школа букIараб бакIалда бана гьоркьохъеб школалъе цIияб мина. Районалдаго гьечIел спортивиял ургаби руго нилъер. Цо комплект хъутаде битIана, цояб росулъ буго.

Жакъа къоялде районалда гьечIо цониги росу кулаби-фермабазде «маршруталъулаб» такси хьвадулеб.

Хисана токалъул хIубал ва босана цIияб трансформатор. Рагьана росулъ МФЦялъул филиал.

Росдал рахIмуялъулаб фондалдасан щвараб гIарцухъ росана цо гектаралда ах чIезе гIечул гьутIби. КIикъоялда анцIила щуго гектар ракьул хIалтIизабулеб буго ва хIажалъарасе хIалтIизабизе жеги ракь буго. Росдал гIадамазе минаби разе щуго гектар ракьул балагьун буго МахIачхъалаялда, хIажалъи ккарав, аскIове вачIине рес буго.

Налогал ракIарииялъул суал нусиялда анкъо проценталъ тIубана. РакIалда буго исана росулъ футбол хIалеб площадка, спортгородок, хIавуз ва лъималазул ах базе, туризм цебетIезабиялда, маршрутал рахьиялда, «гьалбадерил рукъзал» раялда тIад хIалтIизе.

Унтараб суаллъун букIана жамагIат бикьи, цоцада ричIчIунгутIи, идеологияб рахъ тохлъи. ГьечIо росулъ клуб, библиотека, ай, гIадамал руссине, гьезие гара-чIвариял гьаризе ва хIухьбахъиялъе бакI. Гьелдеги кIвар кьезе буго. Гурони, кинха букIунеб, хIукуматалъул харжги босун, хIалтIухъан гIодов чIезецин бакI гьечIого? Нужедаго бихьулеб буго, кинабгIаги тадбир, хинлъи-квачалъухъ балагьичIого, годекIанир рахъун чIун тIобитIулеб букIин. Амма, гьелдаго цадахъ, жакъа кIудияб разилъигун загьир гьабула дица росулъ рикьалабазул суал роцIун бугин. Росдал гIолохъабиги, нужеда лъала, жигаралда гIахьаллъула росулъ ва районалда тIоритIулел спортивиялгун жамгIиял тадбиразулъ. Кинха чIухIигун абулареб, Бузнасан нух бахъиялъе нилъер росдал гIадамаз кьураб гIарцул къадар кIиго миллион гъурщидасанги тIаде баханин ва гьеб кколин тIолго районалъ кьуралдасан цIикIкIун. МахIачхъалаялда ругел «ЦIумадисезул хабалазе» кьун буго бащадаб миллионалдасанги цIикIкIун гъурущ. Хуштадерица тIаде ккараб къо борхулин ва лъимлъун къулчIулин абула цо-цояз нилъер хIакъалъулъ, бокьилаан нилъ хадурккунги мисалияллъун рукIине.

Нужеда лъала, дун щвечIеб министерство республикаялда гьечIо ва гьезул нухмалъулезги кьураб рагIи ккезе хIаракат бахъула. Дун хIадурав вуго шаргIалдаги законалдаги рекъон, нужгун цадахъ хIалтIизе росу социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъе.

Асадулагьица бицаралда разилъана районалъул хIисабалъулаб органалъул нухмалъулев ХIусен МухIамадовас бюджеталда лъураб гIарацул харж гьабиялъул бицунаго.



Хадур кIалъазе рахъарал росдал депутат Бадрудин Бадрудиновас, мугIалимзаби АсхIаб МухIамадовас ва ГIабдула Зубаировас лъикIаб къимат кьуна росдал администрациялъул хIалтIуе. Гьез ва цогидалги кIалъараз гьарана багвалазул рахъалдехун пачалихъиял идарабиги ругелъул, ГIанди гIоралда тIасан лъураб кьодухъан подстанциялде щвезегIан хъил тIеялъул суалалде кIвар кьезе экологиялъулаб сон букIин хIисабалдеги босун.

Данделъиялда кIалъазе вахъарав районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас лъикIаб къимат кьуна Асадулагь ИсмагIиловасул хIалтIуе.

Асадулагь вугин бахъун ракIги росдае кьезе хIадурав, хIалхьи лъаларев бегавулин абуна районалъул бетIерас.

-Дида рихьулел руго ахирал соназ росулъ ккарал хиса-басиял. ГIемер руго росулъ гьарурал хIалтIаби, амма гьеб кколаро нилъер гIузрабиго гьечIин абураб. Руго гьелги, амма гьел руго, абухъего, «параялъ» тIуралел ишал гьадинаб гьункиги цолъиги нилъер бугебгIан заманаялъ. Нужеда гьеб абизе кколаро, жакъа гIадин, кидаго рахъ ккве росдал бетIерасулги мажгиталъул имамасулги, гIенекке гьезухъ, мекъаб нухдасан гьез нуж рачинаро,-ян абуна АнвархIажи Вечедовас.

Гьединго районалъул бетIерас тIадчIей гьабуна лъабазаргоялдасанги цIикIкIун гектар хуштадерил ракьул бехе букIиналда, амма гьелъул тIалаб гьабулев чи росулъ вахъунев гьечIолъиялда, СПКялги КФХялги рагьун, хайир кьоледухъ хIалтIизабизе рес бугониги.

ЖамагIаталъ Асадулагьил хIалтIи лъикIаблъун рикIкIана.

КамичIо годекIанир ракIаразда гьоркьор «нусго миллион халкъалъухъанги бакIарун, хIукуматалъ щибха гьабулеб бугеб?»,-ян гьикъулелги. РукIана их-рии абун течIого, метерисеб къоялъго къватIиреги рахъун, токалъул трансформатор хисизе кколин абулелги, хасго харабазда гьорлъ.

* * *

Гьебго къоялъ районалъул бетIер дандчIвана Хуштада росдал гьоркьохъеб школалъул коллективгун. Жиндирго кIалъаялда гьес кIвар буссинабуна цIалдохъабазе тарбия кьеялда сверухъ ва экстремизмалдегун терроризмалде данде профилактикияб хIалтIи цIикIкIинабизе ккеялде.

Районалъул бетIерас халгьабуна кванил нигIматазул, гьел цIунулел бакIазул, кванил менюялъул, цIалулгун тарбия кьеялъулаб программабазул, гьаруна цIалдохъабигун гара-чIвариял, хал гьабуна школалъул кабинетазул, классазул ва сверухълъиялъул.

**Газеталъул пресс-хъулухъ**

Семинар-совещание

# Цадахъаб хIалтIи гьечIони, хIасил букIунаро

Араб хамиз къоялъ районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовасул нухмалъиялда гъоркь Агъвали тIобитIана бакIалъулаб самоуправлениялъулгун лъайкьеялъул идараялъул ва диниял церехъабазул терроризмалде дандечIарал тадбирал тIоритIиялъул суалалда сверухъ семинар-совещание.

Семинаралъул хIалтIулъ гIахьаллъана Дагъистаналъул бетIерасул кумекчи- ДРялъул МугIрузул территориалияб округалда бугеб АТКялъул вакил Сайпудин Сайпов.






Гьединго семинаралда гIахьаллъана районалъул прокурорасул ишал тIуралев Багъавдин ХIажиэминов, Болъихъ районалъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибиров, республикаялъул муфтияталъул районалда вугев вакил Шамил ХIажиев, Липецк УВДялъул заманалъ нилъехъ бугеб группировкаялъул начальник Роман Пожидаев.

Семинар рагъулаго, районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас бихьизабуна такъсириял лъугьа-бахъиназда сверухъ районалда бугеб ахIвал-хIал цо хIалалда чIараб бугониги, гьеб кидагосеб халгъабиялда гъоркь букIунин. Гьеб талихIкъин нилъехъ жеги хутIун бугелъул, нилъер букIине ккола гIолилазда ва школлъималазда гьоркьоб кидагосеб хIалтIи.

Жиндирго кIалъаялда районалъул прокурорасул ишал тIуралев Багъавдин ХIажиэминовас рихьизаруна терроризмаялде дандечIеялда сверухъ росдал администрациябазул хIалтIулъ ругел цо-цо гIоларел рахъал, баян гьабуна терроризмалде дандечIарал профилактикиял хIалтIаби гьари тIадаблъун букIин бакIалъулаб самоуправлениялъулазда.

КIалъазе вахъарав Дагъистаналъул бетIерасул кумекчи Сайпудин Сайповас 2016 соналъ районалъул терроризмалде дандечIараб комиссиялъул хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна ва хадурккун гьеб рахъалъ тIуразе кколел масъалабазул бицана.

Гьал къояз КIванада ва Гьимерсо росабалъ тIобитIулеб терроралде дандечIараб цохIо рагъулаб ишалъ гьеб суал тIубаларо. Гьелъие къваригIуна киназулго цадахъаб хIалт1и. Сейповас бицана гьединго «рохьор» ругезулгун хурхен бугел ва, лъалаго, гьезие балъго кумек гьабулел тамихIалде цIалеблъи.

МухIамадрасул Гагиевас бицана полициялъул учеталда ругезулгун районалъул комиссиялъ гьабулеб хIалтIул, гIемерисел росдал администрациябазул гьеб рахъалъ гьечIеб чIванкъотIараб хIалтIул.

Муфтияталъул вакил Шамил ХIажиевас дандельаразда бичIчIизабуна росулъ гьабулеб хIалтIул жаваб Аллагьасда цебе росдал бегавулас кьезе бук1ин. Гьелда тIад ургъизе ккола росдал бетIер. Экстремистияб идеологиялъ нилъер лъимал ва гIолохъаби хадур цIаялъе аслияб гIиллалъун Шамилица рикIкIунеб буго гьитIинго рукIун гьезие исламияб тарбиягун лъай кьолеб гьечIолъи.

Районалъул ветераназул советалъул председатель МухIамад Шамсудиновас кIвар кьуна гIолилазда гьоркьоб терроризмалде ва экстремизмалде дандечIарал тадбирал тIоритIиялъе лекторазул къокъа гIуцIиялде.

Дандельиялъул ахиралда АнвархIажи Вечедовас баркала загьир гьабуна росабазул имамзабазе, школазул директорзабазе, бегавулзабазе ва гьел киналго ахIана нилъер букIинесеб цIуниялъулъ кIвахIтун цадахъ хIалтIизе.

**Газеталъул пресс-хъулухъ**

МугIалимасе рагIи

# ЛъикIлъиялде гали тIамизин



Дагъал цере къояз Хуштада школалде вачIарав районгазеталъул редактор ГIубайдула Малачдибировгун дир ккана гьанжезаманалъул рахIатхварал суалазда тIасан кIалъай.

Гьеб бахIсалда гIахьаллъана школалъул цогидал учительзабиги.

ПалхIасил, нижер хIукму ккана «ЦIумадисезул гьаракь» газеталда рагьизе «МугIалимасе рагIи» абураб хасаб рубрика.

Дирги пикру бижана нижер бахIсалда гьоркьор лъун рукIарал суалазда тIасан макъала хъвазе.

Масала, бачIунеб буго суал: «Щай гьанжесеб цIияб гIел нилъеда бичIчIулареб? Щай гIемерисел гIолохъаби ругел гьадигIан хъачIал, ракI согIал, эбел-инсул, кIудиязул адаб-хIурмат гьечIел?»

ТIоцебесеб иргаялда, гьелъие гIилла буго нилъеда, чIахIияб гIелалда, гьоркьоб гьечIо цолъи. Кинаб суал бачIаниги, динияб букIа, социалияб букIа, яги политикияб букIа, нилъ руго дагIбаялда, питнаялда, кIийидеги рикьун. Заман щун буго цолъизе, питнаялдаса маслихIаталде рачIине. Мажгитаздаги лъикIаб букIинаан вагIзаби гьаруни берцинаб каламалдалъун ракълиде, сабруялде, вацлъиялде ахIун.

Аяталги, хIадисалги киназдаго цIехе гурхIел-рахIмуялъул, адаб-хIурматалъул бицарал. Гьел гIемералин ругел Къуръаналда!

Дида пайдаяблъун бихьула киналго росабалъ жамагIаталъул маслихIат гьабулел къокъаби гIуцIи. Рес буго гьезул кумекалдалъун гьоркьоблъи лъикIлъизабизе.

Мекъи хьвадараз, такъсир гьабураз тIаса лъугьаян гьаризе ккола жидее зулму гьабуразда. Гьеб мехалъ рукIуна чIахIиял гIисиназе лъикIаб мисаллъун.

КIиабилеб гIилла - рухIияб тарбиялъе зарал бугел гIемерал передачаби руго телевидениялда. Гьоркьоса къотIичIого рукIуна шоуял. Гьезда жаниб щибниги мунпагIат бугеб пикру букIунаро, пасалъи, хьахIбалъи гурого.

Интерналдаги руго гьездасаги заралиял сайтал, аккаунтал, твиттерал ва гь.ц. Лъида лъалеб бугеб кинаб хъанхърадул хьухьлазул гудуралде ккун бугеб жидер лъимер?

Гьеб кинабгоялда хадуб хъаравуллъи кквезе заман щун буго, хирияв магIарулал. Дир пикруялда нилъер депутатазда тIадкъазе бегьула гьел суалал рорхизе, хIатта парламенталде щун.

Масала, щиб пайда бугеб Малаховасул «Пусть говорят» передачаялъул? Лъилалиго лъаларел лъималазул ДНК-анализ гьабулев вукIуна азаазар гъурущги хвезабун. Улкаго машгъул гьабун бугоан гьекъел-мехтелалда, хьахIбалъи-пасалъиялда. Гьелъул бакIалда щай гIуцIулареб передача машгъурал тохтурзабазул, учительзабазул, инженеразул бицараб? ЛъикIаб мисалалдалъун куцазе ккола гIолохъанаб гIел!

Лъабабизе абуни, гIолохъанаб гIелалъе битIараб тарбия щвезе ккани, гьезда малъизе ккола нилъер умумузул бахIарчияб тарих. Гьеб тарихалъе нилъеца кьезе ккола мустахIикъаб къимат. Кинабго гьезул маданият, адабият какулел рукIинчIого, бицине ккола кинабго рахъ борцараб цIодораб ва гIакъилаб рагIи.

Гьеб бакIалда гьереси бицинего бегьиларо. Нилъер гIамал буго цо-цо политикиял яги диниял дивидендазе гIоло тарихиял хIужаби хисизарулеб. Нилъеда тIадаб буго кисакибего чIезабизе ритIухълъи. Гьеб гьечIони, гIолохъабазулъ бижула дандечIеялъулаб хIал. Школлъималазда гьоркьоб конкурсал, олимпиадаби тIоритIулеб мехалъ хIилла-макру гьабичIого тани, лъикIаб букIуна. Дица абулеб гьечIо нилъер районалда гьеб рахъалъ цIакъго квешаб хIал бугилан. Амма цо-цо гьалатI ккараб мехалъ, гьелда мукIурлъани, лъикIаб букIуна, гьоркьоб кинабгIаги асар хутIичIого букIине.

Ахиралда гьаниб бицинчIого рес гьечIо магIарул мацIалъул хIакъалъулъги. МугIалимзабазда тIадаб буго гьеб чIаго гьабизе, гьелъие кIвар кьезе. Нижеца школалда гьабуна гьадинаб конкурс: гIуцIана бищун аслияб 100 рагIул сияхI. Гьезул гIурус мацIалде гьабуна таржама. Хадуб бана кьец гьел рагIаби лъазариялда сверухъ. Гьелда тIадеги нижер школалъул учительзабаз цIезарула «ХIакъикъат» газеталда рахъулел кроссвордал.

БитIараб бицани, гIемерисел гьел рагIалде щун цIезаризе кIолароан. Кинниги 2-3 рагIи хутIула лъикIаблъун.

Амма рохизе ккараб жо щибаб анкьалъ нижеда лъалаан 3-4 цIияб рагIи.

Нижер школалъул мугIалимзабаз цогидал школалги ахIулел руго гьединал тадбирал (акциял) гьариялде.

РачIа, гьудулзаби, чIаго гьабизин магIарул мацI!

Аллагьас нилъер тIамулебщинаб гали лъикIалде бачаги.

**ИсмагIил ХIанапов**

Антитеррор

# Терроризмалъ лъикIлъиялде рачунаро

Хонохъ росдал аслияб школалда тIобитIана экстремизмалдегун терроризмалде дандечIеялде цIалдохъаби ахIараб профилактикияб тадбир.

«Беслан нижер ракIазулъ», «МухIамад НурбахIандовасул хвел гьечIеб гьунар», «Дунгун дол ва киналго -цадахъго тIубараб улка» ва «Ниж терроралде дандечIарал руго» абурал темабаздасан гIуцIараб тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул цо-цо отделазул вакилзаби, росдал мажгиталъул имам ХIажияв ХIажиев, росдал собраниялъул депутатал, цIалдохъабазул умумул ва росдал гIадамал.

Школалъул директорасул заместитель Герейхан ГIубайдулаевас гьалбадерилгун лъай-хьвай гьабуна цIалдохъабазул, ва экстремизмалъулгун терроризмалъул заралалъул ва жигьадалъул бицине рагIи кьуна росдал имам ХIажиевасе.

Цо чи чIвай инсаният чIваялде бащалъиялде бициналдасан байбихьун, жакъа нилъехъ жигьад гьабизе кколареблъиялда, гьеб гьабизе кколеб бакI инсанасул напс букIиналда, экстремизмалъгун терроризмалъ халкъ гьуриялде гуреб, лъикIлъиялде рачунареблъиялъул тIадчIей гьабун бицана росдал имамас. ЦIалдохъабаз ва тадбиралда гIахьаллъараз кIудияб кIвар кьун гIенеккана росдал имамасул вагIза-насихIат.




Школалъул директор Марат ГIалиевас жиндирго кIалъаялда цIалдохъабазе Бесланалда ккараб вахIшияб ишалъул мисалалда рекъон малъа-хъваял гьаруна щаклъи бугел ва кьвагьулел алатал рихьун хадуб, гьабизе кколеб цIодорлъиялъул ва асирлъуде ккун хадуб, букIине кколеб хьвада-чIвадиялъул.

Хадуб тадбиралда гIахьаллъараз лъикIаб къимат кьуна ичIабилеб классалъул цIалдохъан ГIайшат Ибрагьимовалъул «МухIамад НурбахIандовасул хвел гьечIеб гьунар» абураб темаялдаса гьабураб кIалъаялъе.

**МухIамад ГIумаров,** РУОялъул нухмалъулесул заместитель

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъ 80 сон тIубаялде

# Районалъул тарихалъул матIу


Киналго улкабазул пролетарал, цолъе нуж!

Колхозчи

КОЛХОЗНИК

КПССалъул ЦIумада райкомалъул ва райсоветалъул орган.

Орган Цумадинского РК КПСС и РСДТ.

Газета бахъулеб 25 с. № 1 (1836) | Талат 20 апрель 1965 с. | багьа 1 коп.

ЭЛЕКТРИКАЛЪУЛ ТОКАЛДАСАН ЦIИКIУН ПАЙДА БОСИЗИН

1948 соналъ районалда бан хIалтIулеб буго В. И. Ленинил цIаралда бугеб колхозазда гьоркьосеб ГЭС.

Гьелъ гьаб сагIаталда канлъи кьола 7 колхозазда гьорлъ унел 11 росабалъ, кIиго больницаялда, анлъго медпункталда, ичIго школазда ва ичIго росабазул клубазда.

Гьаб соналда гьелъ тIадеги канлъи кьезе планалда босун буго ТIисси ва Гьимерсо росабалъ. Районалъул колхозазда гьоркьосеб ГЭСалъул къуваталдалъун хIалтIулеб буго Агъвали ва „БагIарав партизан" колхозалда цIул хъухъалеб пиларама, цIулал устарлъи гьабулеб мастерская, гьобо ва гьединго станциялъул къуваталдалъун лъим хинлъизабун районалъул централда хIалтIулеб буго хIамам.

Гьел рехсарал тадбираздасан мунпагIатги босулаго, ГЭСалъул советалъ жидерго планалда босун буго ГЭС балаго гIахьаллъарал колхозазул колхозчагIазе исана 3000—4000 гъурущ хайиралъул бикьизе.

Гьелдаго цадахъ ГЭСалъул хIалтIул гIунгутIабазул цояблъун ккола, гIемераб заманаялъ тIасияб волталъул ва гIодобегIанаб волталъул кваразул мухъал жеги лъикI къачIачIого тун рукIин, хасало бугеб къуваталда станция хIалтIиялъе лъим гIезабизе кIолеб гьечIолъи.

ГЭСалъул ругел гIунгутIаби тIагIинаризе колхозазда гьоркьосеб ГЭСалъул советаллул планалда бихьизабун буго электрикаялъул кваразул мухъал цIикIкIун къачIазе, хасалоги гIураб къадаралда лълъим чIезабизе кIоледухъ лъел рахъ гIатIид гьабизе ва гьеб кинабгоялъе къваригIунеб материалги хIадур гьабулеб буго.

Бокьилаан электрикалъул токалдаса цIикIкIун пайда босизелъун къеркьезе.

*Г. МухIамадов,* ГЭСалъул начальник.

Кьо лъолеб буго

Гьал къоязда байбихьана, маххул кваразул 125 метроялъул халалъи бугеб бакIалда, ТIисси—Ахикь росолъе гIоралда тIасан кьо лъезе. Кьо лъеялда хIалтIулез рагIи кьун буго тIоцебесеб маялде кьо бан лъугIизабизе.

Кьо лъеялъулъ цогидазеги мисалияб къагIидаялъ хIалтIулъ гIахьаллъи гьабулеб буго доручасткаялъул хIалтIухъан Ш. Сиражудиновас.

ГьабсагIатги кьо лъеялда сверухъ гьабулеб хIалтIи гьоркьоса къотIичIого унеб буго.

*М. Мусалов.*

„Нижеца Америкаялъул хIукуматалдаса тIалаб гьабула Югалъул Вьетнамалда агрессия нахъ бахъичIого къотIизаби ва руччабаз-

Ихдал рекьуе хIадурлъи

КПССалъул ЦКялъул марталъулаб Пленумалъул хIукмаби тIуразариялъе гIоло къеркьолаго, Сильди росдал М. Дахадаевасул цIаралда бугеб колхозалъул колхозчагIаз ва колхозруччабаз гьабсагIат бугеб цIороялда балагьичIого, гьанжеялдего колхозалъул хурзабахъе 600 тонна ракул бачана, хьазе хьонал тIаса ришун рацIад гьарун руго ва лъикIаб кьаралъиялда чIезарун руго колхозалъул хIалтIул оцалги.

*М. ГъазимухIамадов,* районалъул росдал магIишаталъул управлениялъул бетIерав бухгалтер.

2552 ТIЕХЬ

ЛъикIаб хIалтIи гьабулеб буго Агъвали райцентралда бугеб бибилиотекаялъул хIалтIухъабаз тIахьал цIалулезул къадар цIикIинабиялъе. ЦохIо гьаб соналъул январалдаса нахъе гьеб библиотекаялдасан тIахьал цIалулезухъ кьун буго 2552 тIехь ва гьанжеялде тIахьал цIалулезул къадарги 321 чиясде бахун буго.

Библиотекаялъул хIалтIухъаби хадубккунги тIахьал цIалулезул къадар цIикIинабиялъе гIоло къеркьолел руго.

*ХI. МухIамадкеримов.*

Дида лъаралдаса нахъе нижер рокъоб камичIо «Колхозчи» газета. Школалде дун араб 1979 соналдаса нахъе жакъа къоялде щвезегIан цIаличIого гьоркьор хутIарал газеталъул номерал гIемер хутIун ратиларо «Колхозчиялъулгун» жакъасеб «ЦIумадисезул гьаракьалъул».

Цо мухъни щиб, хIарп гьоркьоб биччачIого цIалулаан дица «Колхозчи». БукIун батила гьелъие гIилла кидаго «Хадижатил инсул газета», «Инсуда абе газеталда нижги рахъеян», «ГъалатIал риччагеян абе инсуда газеталда» абун гIемер рагIулеб букIин.

ГъалатIазул суал бачIиндал, гьел ратизего цIалулеб букIун батилаха дицаги «инсул газета». КватIизегIан хIалтIудаги вукIун, цIалун рагIалде щвечIин абун, лъикIалан жема-къан, къватIибе кьезе хIадурулеб газеталъул макетгун вачIунаан эмен рокъове ва, кванан вахъаравго, тIаделъулев вукIана гьеб цIализе. ГьитIинго бихьуларищха дидеги «цIвабзазул» унти бахараб куц-инсул «кIудияй гIакълучIужулъун, мугIалимлъун» йикIунаан дунги, байбихьул классазул цIалдохъан, гьалатIал рати мурадалда газета цIалулей ва, кигIанха дун «йорхалъулей ва кIодолъулей» цебеккун дидаго гьалатI батидал.

Багьа-гьунар кIудияб бугин газеталъулин абулаан инсуца, гьеб халкъалъ къабул гьабун, гъираялда цIалулеб бугебгIан мехалъ. Библиотекалгун клубал къуваталда ругоници, телевидение къанагIатги хIалтIулареб заманалъ, газета бугин цIалдолезе рохел ва цIияб харбал росун бачIунеб чапар абун тIадеги жубалаан.

Халкъалъ гьеб цIализе ккани, нилъ хIалтIизе ккола гьелда тIад абун «хIукмуги» къотIун, ниж нахъойги тIаделъулаан цойги нухалъ гьелде бер щвезабизе.

Доб «нилъ хIалтIизе ккола»ялъул магIна хадубккун бичIчIана дида: чанги ратулаан редакциялъул хIалтIухъаби Батул, ГIашура, Загьра, ХIажимухIамад, кIиявго МухIамадсаид, МухIамад, АхIмадулбадави, Абубакар щивасул хIалтIи батIи-батIияб бугоници, редакторасул кабинеталдеги ракIарун, иргадулаб номералда тIад хIалтIулел. Ай, кьокьго абуни, редакциялда кидаго букIана творческияб ахIвал-хIал. Редакциялъул азбаралде щварабго рагIулаан хIалтIулел линотипалълугун печаталъул станокалъул хъуй.

Улкаги биххараб, хиса-басиялги гIемер ккарал араб гIасруялъул ункъоялда анцIабилел соназда хисана газеталъул цIарги, модаялда рекъонищ, заманалда рекъонищ, лъаларо. ЦIарал хисаниги, хисичIо халкъалъе райгазета ва гьелъул коллектив. ЛъагIелалъ гьанив хIалтIун, кIигояль дова хIалтIун-ракIалдаго гьечIого вачIарав «нухлулав» газеталда гьечIо. Дида лъалел ва тIадехун рехсарал киналго руго гIумрудул анцI-анцI сонал яги тIубан гIумру газеталда бухьинабурал гIадамал. Газеталъул жакъасеб коллективги гьединалго «ветераназдаса» гIуцIараб буго.

Думалъго батIияб буго дол советиял соназ ва жакъа газетал риччаялъул къагIидаби. ЦохIо чиги гIолин жакъа газета биччазеян абулезда дун разилъиларо, цо чи байданалда рагъухъан кколаревго гIадин, тIубаларо цо чияс творческияб коллективалъул хIалтIи, гьединлъидал, «халкъалъул гьудуллъун» лъугьулеб газета къватIибе кьезеги бажарилин кколаро.

Жакъа Интернеталъул цебетIей ккараб кьоло цоабилеб гIасруялда газетал-журнал сундуе х1ажаталин абулел камич1ониги, дица абила газета кколин халкъалъул гIарзабазухъ гIинтIамулеб, гьелъулгун бухьен чIезабулеб, ритIухълъи балагьулеб, мекъаб-тIекъаб къватIибе чIвазабулеб алат абун.

Гьединаблъун букIин бихьизабулеб буго кIикьоялда анцIго соналъ цереги къватIире риччалел газетазул гьурмаз.

Газеталъул иргадулаб номер къватIибе биччаялда тIад хIалтIизе кколеблъи кIочонтун батула чанги кьоялъ басриял газетазул тIогьиллъарал тIанчал регулаго. Чан интересаб ва тарихияб информация, макъалаха гьениб батулеб районалъул тарихалда ва халкъалда хурхараб.

Коллективалъул пикру бикьана кинаб къагIидаялъха дол соназул цо-цо информацияби газеталда рахьилел абураб суалалда сверухъ. Дирго пикру буго тескт цIализе лъаледухъ рахъун сураталгун лъезе. Цогидаз абулеб буго гIадатияб къагIидаялда текст хъваниги квеш букIинарин. Узухъда букIинаро, амма жеги лъикIаблъун бихьула гьезулабги дирабгоги пикруги цолъизабун, сурат ва макъалаби хIисабалда, гьаб нужеда бихьулеб къагIидаялда лъезе. Пикру буго, тарих ракIалде щвезаби мурадалда, кIиябго къагIида лъагIалил ахиралде щвезегIан хIалтIизабизе. РакIалде ккола райгазеталъул подписчиказ гьеб нижер «цIилъи» къабул гьабилин.

Бокьилаан райгазеталъул тIоцевесев редактор ЧIохъа МухIамад Къасумовасдасан байбихьун, киналго редакторзабазул хIакъалъулъ гьезул ирсилаз дагьал ругоници баянал, ракIалдещвеял хъван, редакциялде ритIизе.

ИчIго чиясдасан гIуцIараб гьитIинабго нижер коллективалъ хIаракат бахъулеб буго газета бахъизе, ЦIадаса ХIамзатица абухъего, халкъалъул цIаралдасан халкъалъе гIоло, халкъалдаса босун, халкъалъухъе кьун, халкъалъ бегIерараб ярагъ - рагIиги хIалтIизабун.

*Хадижат Залимханова*

Администрация МР «Цумадинский район»

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 120

от 26 декабря 2016 г.

**«О выделении жилых помещений по договору найма»**

В целях реализации Закона РД от 04.12.2008 г. №57 «О наделении органов местного самоуправления муниципальных районов и городских округов РД государственными полномочиями РД по обеспечению жилой площадью детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей», на основании Постановлений Администрации МР «Цумадинский район» №41 от 11.04.2016г. «Об определении списка лиц для приобретения и выделения жилья по договору социального найма» и №58 от 03.06.2016г. «О внесении изменений в Постановление администрации МР «Цумадинский район» от 11. 04.2016 года №41 «Об определении списка лиц для приобретения и выделения жилья по договору социального найма»» - **постановляю:**

1.Выделить по договору найма муниципальное жилое помещение с земельным участком, находящееся в с. Сильди, принадлежащее муниципальному району «Цумадинский район» на основании свидетельств о государственной регистрации права № 05-05/004-05/338/001/2016-758/2 и №05-05/004-05/338/001/2016-758/2 от 02.2016 года, Магомедовой Хатибат Абдурахмановне, 15.02.1992 года рождения.

2.Выделить по договору найма муниципальное жилое помещение с земельным участком, находящееся в с. Гигатли, принадлежащее Администрации МР «Цумадинский район» на основании свидетельств о государственной регистрации права №05-05/004-05/338/001/2016-756/2 и №05-05/004-05/338/001/2016-755/2 от 21.11.2016 года Хайбулаеву Магомедсаиду Магомедовичу, 23.01.1990 года рождения.

3.Выделить по договору найма муниципальное жилое помещение с земельным участком, находящееся в с. Гигатли, принадлежащее Администрации МР «Цумадинский район» на основании свидетельств о государственной регистрации права №05-05/004-05/338/001/2016-801/2 и №05-05/004-05/338/001/2016-800/2 от 06.12.2016 года Талхатовой Ханипат Абдулкадировне, 17.08.1992 года рождения.

4.Отделу финансов, экономики и имущественных отношений подготовить проекты договоров социального найма с вышеперечисленными гражданами.

5.Настоящее постановление опубликовать в газете «Голос Цумады».

6.Контроль исполнения постановления возложить на ведущего специалиста по опеке и попечительству администрации МР «Цумадинский район» Магомедова Х. Г.

**А. Вечедов**, глава МР «Цумадинский район»

Конкурс

# Дир ракьалъул бечелъи

Дагьаб цебе районалъул лъайкьеялъул отделалда цебе рагьараб тIадеги лъай кьолеб отделалда тIобитIана районалъул школазул мугIалимзабазда гьоркьоб «Дир ракьалъул бечелъи» абураб конкурс. Гьелъ гьорлъе бачана «Дир вокьулев мугIалим-насихIатчи», «Гьас Афгьанистаналда жиндирго интернационалияб налъи тIубана», «XIX-XX гIасрабазда дир росдал гIалимзаби-г1арабисталъ» ва «Районалъул лъайкьеялда ва сахлъи цIуниялда гIурус интеллигенциялъул кIвар» абураб ункъо номанация.

Абизе ккола, лъикIа-лъикIал темабаздасан гIуцIараб конкурс бугоници, гIахьаллъаразул къадар дагьаб букIанин - анцIила цо школалдасан анцIила щуго чи. амма бугоници, мугIалимзабаз кIвар кьолеб бугин районалъул тарих лъазабиялде, жидерго предметги гьелда хурхинабизе, хасго гIагараб ракь лъазабиялде. Сонидаса сониде борхулеб буго мугIалимзабазул лъайгун хIалбихьи ва информациялъулалгун коммуникативиял алатал хIалтIизаризе махщел.

КIиго этапалда тIобитIараб къецалъул хIасилалда, кIиабилеб этапалде бачIана гIицIго анцIго хIалтIи. Жюриялъ кIвар буссинабулеб букIана конкурсалъул гIахьалчиясул кIалъазе, жиндирго материал цебе лъезе бугеб махщалде, материалалъул магIнаялъул гъварилъуде. ХIасилал ккана хадур рехсарал:

«Дир вокьулев мугIалим-насихIатчи» номинациялда бергьана Гъоркьгьакквариса Изольда Давудбекова, Агъвалиса Заира ГIалиева ва ТIиндиса Хузеймат ГIалимухIамадова.

«Гьас Афгьанистаналда жиндирго интернационалияб налъи тIубана» номинациялда бергьенлъи щвана ТIиндиса ПатIимат МухIамадовалъе.

XIX-XX гIасрабазда гIагараб росдал гIалимал-гIарабистазул биценазулъ цере ккана Гьигьалъа Хадижат ХIасбулаева ва Метрадаса Салман Салманов.

Хуштадаса МухIамад МухIамадовасул «Районалъул лъайкьеялда ва сахлъи цIуниялда гIурус интеллигенциялъул кIваралъ» мустахIикъаб тIоцебесеб бакI ккуна конкурсалда.

Ахиралдаги абила, нилъер районалда тIоцебе тIобитIанин мугIалимзабазда гьоркьоб гьединаб тадбир ва республикаялъул лъималазулгун гIолилазул гIагараб ракь лъазабиялъул Централъул нухмалъулев Арсен ХIайбулаевасухъе гьединабго конкурс республикаялъул мугIалимзабазда гьоркьобги тIобитIизе предложениегун, гьелъги цо къадаралъ цIикIкIинабизе букIана гIагараб ракь ва тарих лъазабиялде кьолеб кIвар, амма, щаялиго, гьеб нижер предложениялъул рахъ кквечIо хIурматияб тIалъиялъ.

**МухIамад АхIмадов,** тIадеги лъай кьолеб отделалъул нухмалъулесул заместитель

# Семинар тIобитIана

ТIинди росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана хIисабалъул ва физикаялъул мугIалимзабазул семинар.

Семинаралъул темаялдаса хIисабалъул рагьарал дарсал кьуна ТIинди школалъул мугIалим МухIамад АхIмадовас, Хадижат ГIабдурахIмановалъ, физикаялъул дарс кьуна Нажмудин ГIалиевас.

ХIисабалъул ва физикаялъул дарсиде хIадурлъиялъул, гьел предметазул лъималазе лъай кьеялъул къагIидабазул бицана Хуштада росдал школалъул физикаялъул мугIалим ИсмагIил ХIанаповас.

Семинаралда гьединго кIалъазе рахъана ТIадгьаквари росдал школалъул мугIалим Шамил ХIасбулаев, Агъвали росдал гьоркьохъеб школалъул хIисабалъул мугIалим Аида МухIамадова, Гъоркьгьаквари росдал школалъул мугIалим ШапихIажи ГIалиев.

Цогояб пачалихъияб экзаменалъул хаслъабазул ва гьелде хIадурлъиялъул хIакъалъулъ бицана районалъул пагьму бугел лъималазул централъул директор ГIалихIажи ХIусеновас.

Семинаралъул ахиралде районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьаруновас г1емерсоназул ракIбацIцIадаб хIалтIуе ва гIумрудул 75 сон тIубаялда бан ХIурматияб грамота ва райадминистрациялъул рахъалъан баркалаялъулаб кагъат кьуна ТIинди росдал школалъул хIисабалъул мугIалим МухIамад АхIмадовасе.

**ПатIимат ХIажимухIамадова,** районалъул лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъан

## О порядке представления земельного участка под строительство жилья

Граждане, изъявившие желание на строительство индивидуального жилья в сельской местности, должны обращаться с заявлением в сельскую администрацию о выделении заявителю земельного участка под строительство.

Глава сельской администрации выносит решение о выделении заявителю земельного участка из земель, принадлежащих местной администрации и издает постановление местной администрации с указанием размеров земельного участка.

С полученным постановлением гражданин обращается в многофункциональный центр района для получения свидетельства на право собственности данного земельного участка.

После получения свидетельства на право собственности земельного участка, гражданин обращается в администрацию района (архитектору) для получения разрешения на строительство индивидуального жилья или другого вида строительства (гараж, магазин, и т.д.)

Оформление свидетельства на право собственности земельного участка гражданину обходится в четыре тысячи рублей, все остальные услуги - бесплатные.

Аукцион на выделение земельных участков в районе не проводится.

**Ахмед Тагиров,** архитектор

## Объявление

18 февраля в Агвалинской средней школе проводится чемпионат района по шахматам, посвященный ко «Дню Защитника Отечества».

В этот же день в Доме культуры села Агвали состоится открытое первенство по шашкам.

Заявки должны быть представлены до 9 час. 00 мин., начало соревнований в 10 час. 00 мин.

Победители и призеры награждаются грамотами и денежными призами. За первое место- 3000 руб., за второе место-2000 руб., за третье место- 1000 руб.

**Оргкомитет**

**Баркалаялъул кагътал**

## Къедисезе сайгъат

Къеди росдал жамагIаталъ баркала загьир гьабулеб буго эркенаб гугариялъул рахъалъ олимпиадаялъул призер МахIач МуртазагIалиевасе росдае мини-футболалъул площадка сайгъат гьабуралъухъ.

Къедисел цIакъ рохана гьеб сайгъаталдаса, щайгурелъул росуль букIинчIо кинабгIаги спорталъул зал. Иншааллагь марталда дунялги хинлъила, байдан тIибитIила ва букIина футбол хIазе къедисезе гуребги тIолго районцоязеги. Нижер мурад буго гьанже цо спортивияб залги щвелин нижее абун. Иншааллагь, цо МахIач гIадинав сахаватав чи вахъине ватила гьелъиеги, нижер гIолеб гIелалда гурхIулев, гьесиеги дугIадул аманат буго.

Аллагьас гьел пайда бугел хIалтIаби росдае гьариялъухъ кири кIодо гьабеги МахIачие ва гьеб эхеде рехизе кумек гьабурал гIолохъабазеги.

**Рашидбег ГIабдулхабиров,** Къеди росу

## Нухазул къварилъи лъугIана

Эчедиса ЦIунтIа районалъул Шаури росулъе щвезегIан шагьранух г1ат1идгьабун, кьач1ана «Дагъстройсервис» идараялъул х1алт1ухъабаз. Сагьада ва Микали росдал жамагIаталъул рахъалдаса гьеб нух бахьараб идараялъул нухмалъулев Давудов АхIмадие баркала загьир гьабун редакциялде хьван бачIана Рамазанов Расулица.

«КIудияб баркала загьир гьабизе бокьун буго «Дагъстройсервис» ОООялъул генералияв директор, халкъиял нухал гьарулев тIадегIанаб махщалил устар, бажари бугев нухмалъулев ва лебалав инсан Давудов АхIмадие. Нух бахъулеб заманалда АхIмадица хIалтIухъабазе чIезаруна лъикIал шартIал: камизе течIо хIажатаб къайи, чIезабуна хIалтIухъабазе квен-тIех, рега-рахьине хинал бакIал.

Баркала АхIмадил нухмалъиялда гьоркь хIалтIарал инженеразе, прорабазе, бригадиразе, механиказе ва хIалтIухъабазе ракIбацIцIадаб хIалтIухъ.

Киналго нухлулазда бихьулеб буго нухлул лъикIлъи ва разиго руго гьабураб хIалтIудаса. КинабгIаги квал-квал гьечIого, рес буго гьенисан машинаби хьвадизе, хасго хасало.

«Аллагьас гIумруялъ сах-саламат таги нуж, лъикIабщинаб гьабизе къуватги кьеги нужее»,-ян хьвалеб буго кагътида.

## ХIажаталъубе кумек щвана

Араб сонаъ, ракIалдаго гьечIого, кутакаб унтуца кIотинарурал росуцояв Ш. Сайпудинов ва 9-леб классалъул цIалдохъан Муи ГIабдурахIманова хехаб вертолеталъулаб кумекалъ МахIачхъалаялде щвезаруна ва гьебго къоялъ врачаз хехаб къагIидаялъ гьарурал операциябаз кIиязего цIидасан гIумру халат гьабуна.

Хушетиса 10-15 км. манзилалъ молода рачине бегьулел унтаби гьезул рукIинчIо. Рес къотIиялде ккарав администрациялъул бетIер Мурад Окиев хIажатавлъун ккана районалъул бетIер Анварх1ажи Вечедовасухъе ахIи базе. Цо чанго сагIтидасан кумек щвана, хвасарлъана хвалиде ккарал. Хушет росдал администрациялъ ва росдал жамагIаталъ ракI-ракIалъулаб баркала кьолеб буго Анварх1ажи Вечедовасе, ЦРБялъул бетIерав врач Хайруланам Дибирасулаевасе ва республикаялъул МЧСалъул нухмалъулезе хIалае ратиялъухъ.

Ниж рикIкIадаян рехун течIо нилъер районалъул нухмалъулез.

Баркала гьезие, Аллагь разилъаги гьезда.

**И. ГъазимухIамадов,** Хушет росу

### Исполнение бюджета за 2016 год администрации сельского поселения «Сельсовет Шавинский»

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2016 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собственные доходы:** | | | | |
| 1 | НДФЛ | 48,0 | 48,0 | 44,8 | 93,3 |
| 2 | Земельный налог | | | 9,7 | |
| 3 | Налог на имущества | 40,0 | 40,0 | 40,7 | 101,8 |
| 4 | Сельхоз налог | 10,0 | 10,0 | 4,8 | 48,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **98,0** | **98,0** | **100,0** | **102,0** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2930,0 | 3060,0 | 2670,2 | 87,3 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 9,8 | 9,8 | 9,8 | 100,0 |
| | **Итого** | **3006,8** | **3136,8** | **2747,0** | **87,6** |
| | **Всего доходов** | **3104,8** | **3234,8** | **2847,0** | **88,0** |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1435,2** | **1245,6** | **1230,3** | 98,8 |
| | в т.ч. зарплата | 858,0 | 708,0 | 701,0 | 99,0 |
| 2 | **ЗАГС** | **9,8** | **9,8** | **9,8** | 100,0 |
| 3 | **ВУС** | **67,0** | **67,0** | **67,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 37,2 | 41,1 | 41,1 | 100,0 |
| 4 | **ЖКХ** | **975,4** | **1256,4** | **1019,1** | 81,1 |
| 5 | **Молодёжная политика** | **20,0** | **20,0** | **20,0** | 100,0 |
| 6 | **Культура** | **557,4** | **487,4** | **478,0** | 98,1 |
| | в т.ч. зарплата | 378,2 | 358,2 | 353,9 | 98,8 |
| 7 | **ФК и спорт** | **40,0** | **40,0** | **40,0** | 100,0 |
| | | | | | |
| | **Всего расходов** | **3104,8** | **3126,2** | **2864,2** | **91,6** |
| | в т.ч. зарплата | 1273,4 | 1107,3 | 1096,0 | 99,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «Сельсовет Шавинский» Г.Гаджимагомедов**

### Исполнение бюджета за 2016 год администрации сельского поселения «Сельсовет Кванадинский»

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2016год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 26,0 | 26,0 | 25,9 | 99,6 |
| 2 | Земельный налог | 50,0 | 50,0 | 40,1 | 80,2 |
| 3 | Налог на имущества | 30,0 | 30,0 | 65,1 | 217,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 0,0 | 0,0 |
| | Итого собственные доходы | 108,0 | 108,0 | 131,1 | 121,4 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2200,0 | 2200,0 | 1920,2 | 87,3 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 7,2 | 7,2 | 7,2 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| 4 | Прочие неналоговые доходы | 10,0 | 10,0 | | 0,0 |
| | Итого | 2284,2 | 2284,2 | 1994,4 | 87,3 |
| | Всего доходов | 2392,2 | 2392,2 | 2125,5 | 88,9 |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | 1232,8 | 1232,8 | 1074,7 | 87,2 |
| | в т.ч. зарплата | 762,0 | 706,7 | 706,2 | 99,9 |
| 2 | ЗАГС | 7,2 | 7,2 | 7,2 | 100,0 |
| 3 | ВУС | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 37,2 | 41,1 | 41,1 | 100,0 |
| 4 | ЖКХ | 649,2 | 649,2 | 593,1 | 91,4 |
| 5 | Молодёжная политика | 5,0 | 5,0 | | 0,0 |
| 6 | Культура | 401,0 | 401,0 | 396,4 | 98,9 |
| | в т.ч. зарплата | 291,0 | 301,0 | 301,0 | 100.0 |
| 7 | ФК и спорт | 30,0 | 30,0 | 30,0 | 100,0 |
| | Всего расходов | 2392,2 | 2392,2 | 2168,4 | 90,6 |
| | в т.ч. зарплата | 1090,2 | 1048,8 | 1048,3 | 100,0 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «Сельсовет Кванадинский» Х.Хизриев**

### Исполнение бюджета за 2016 год администрации сельского поселения «Сельсовет Гигатлинский»

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2016 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назначено | Уточн. назнач. | Исполнение | % исполн. |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собсвенные доходы:** | | | | |
| 1 | НДФЛ | 40,0 | 40,0 | 28,0 | 70,0 |
| 2 | Земельный налог | 60,0 | 60,0 | 40,8 | 68,0 |
| 3 | Налог на имущества | 40,0 | 40,0 | 40,1 | 100,3 |
| 4 | Сельхоз налог | 5,0 | 5,0 | | 0,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **145,0** | **145,0** | **108,9** | **75,1** |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2280,0 | 2430,0 | 2213,0 | 91,1 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 7,5 | 7,5 | 7,5 | 100,0 |
| | **Итого** | **2354,5** | **2504,5** | **2287,5** | **91,3** |
| | **Всего доходов** | **2499,5** | **2649,5** | **2396,4** | **90,4** |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1260,0** | **1202,4** | **1169,0** | 97,2 |
| | в т.ч. зарплата | 893,0 | 813,0 | 807,0 | 99,3 |
| 2 | **Резервный фонд** | **50,0** | **50,0** | **50,0** | 100,0 |
| 3 | **ЗАГС** | **7,5** | **7,5** | **7,5** | 100,0 |
| 4 | **ВУС** | **67,0** | **67,0** | **67,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 48,3 | 41,1 | 41,1 | 100,0 |
| 5 | **ЖКХ** | **420,0** | **954,0** | **834,8** | 87,5 |
| 6 | **Молодёжная политика** | **20,0** | **20,0** | **20,0** | 100,0 |
| 7 | **Культура** | **625,0** | **151,0** | **147,5** | 97,7 |
| | в т.ч. зарплата | 125,9 | 130,9 | 129,8 | 99,2 |
| 8 | **ФК и спорт** | **50,0** | **50,0** | **50,0** | 100,0 |
| | **Всего расходов** | **2499,5** | **2501,9** | **2345,8** | **93,8** |
| | в т.ч. зарплата | 1067,2 | 985,0 | 977,9 | 99,3 |

**Председатель сельского Собрания сельского поселения «Сельсовет Гигатлинский» Р.Газимагомедов**

## Шашкаби хIан кIиабилеб бакI щвана

Дагъаб цебе МахIачхъалаялда тIобитIана канлъи дагьал лъималазул Избербаш ва МахIачхъала шагьаразул хасал школа-интернатазул цIалдохъабазда гьоркьоб шашкаби ва шахматал хIаялъул рахъалъ республикаялъулаб тIоцебесеб рагьараб турнир.

Къецазда гIахьаллъана кинабниги лъеберго лъимер.

Шашкаби хIан гьениб кIиабилеб бакI щвана Эчедиса ГьитIивасов Рамазание.

Баркула Рамазанида бергьенлъи. Гьарула гьесие чорхое сахлъи, талихIгун икьбал.

**МухIамад Къасумов**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ: Редакторасул 2-52-44 Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахьарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2030 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гьулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гьулбасана l6 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru